



Rapò LAS Links sou Konpetans Elèv Eksplikasyon pou Paran/Gadyen yo



Evalyasyon LAS Links la se yon tès ki fèt pou mezire kapasite ak pwogrè yon elèv nan lang angle a.

Rapò sou Elèv

Rapò sou Elèv la bay paran ak gadyen yo enfòmasyon sou rezulta tès pitit yo a. LAS Links la teste kapasite elèv yo nan lang angle a nan kad sosyal ak eskolè chak ane. Li rapòte nòt ak nivo kapasite pou chak nan konpetans sa yo nan lang angle a:

- Total:
 - Nòt Total la se mwayèn nòt gradye yo pou Pale, Koute, Lekti, ak Redaksyon e li se yon mezi solid kapasite jeneral elèv yo nan lang angle a.
- Domèn Konpetans Prensipal yo:
 - Pale
 - Koute
 - Lekti
 - Redaksyon
- Domèn Konpetans Konbine yo:
 - Konpreyansyon (Koute + Lekti)
 - Pwodiksyon (Pale + Redaksyon)
 - Oral (Pale + Koute)
 - Alfabetizasyon (Lekti + Redaksyon)

Nòt yo ak Nivo Konpetans yo

Kantite Pwen Posib: Kantite pwen yon elèv ka fè nan chak domèn konpetans.

Kantite Pwen Li Fè: Kantite pwen elèv la te fè pou repons kòrèk nan chak domèn konpetans.

Nòt Gradye: Kantite Pwen Li Fè yo ki chanje an yon nòt ki montre pwogrè yon elèv fè sòti nan yon ane lekòl pou pase a yon lòt. Chak domèn konpetans gen pwòp echèl nòt li, donk yo pa dwe konpare nòt diferan domèn yo. Paregzanp, pa konpare yon nòt gradye Koute avèk yon nòt gradye Pale.

Nivo Konpetans: Yo mete nòt gradye chak elèv nan youn pami senk (5) nivo, ki dekri kapasite li nan lang angle a.

Deskripsyon Nivo Konpetans yo

Nivo 1: Kòmanse

Nan Nivo 1, elèv la fèk kòmanse ap kominiye nan lekòl la, sitou pa jès ak lang lakay li.

Nivo 2: Kòmansman Entèmedyè

Nan Nivo 2, elèv la sèvi ak angle men avèk anpil erè ki gen dwa jennen komunikasyon.

Nivo 3: Entèmedyè

Nan Nivo 3, elèv la vin gen kapasite kominike efikasman men li gen dwa fè erè.

Nivo 4: Konpetan

Nan nivo 4, elèv la ka kominike efikasman men avèk kèk erè.

Nivo 5: Konpetan Nèt

Nan Nivo 5, elèv la kominike efikasman nan objektif sosyal ak eskolè avèk kèk erè, si se pa san erè ditou.

Dezyèm Paj Rapò sou Elèv la

Anlè dezyèm paj la montre Kantite Pwen Li Fè yo, Kantite Pwen Posib yo, ak Mwayèn Gwoup Referans la (Reference Group Average, RGA) pou chak domèn konpetans. RGA a se rezulta mwayen elèv ki te patisipe nan LAS Links la sipoze genyen.

Anba dezyèm paj la gen ladan yon mezi Difilikte (Lexile) ki aliyen ak nòt total yon elèv nan lang angle. Mezi Difilikte a sèvi pou mezire kapasite nan lekti, epi lè ou sèvi ak resous **gratis** sa a, ou gen dwa jwenn liv ki kapab amelyore lekti pitit ou a. Annik ale sou fab.lexile.com epi tape nimewo Difilikte yo te bay pitit ou a pou jwenn lis liv.